

KUDZORERWA

KWEVHANGERI RAJESU KRISTU





MWARI NDIBABA VAKO VOKUDENGA VANOKUDA

Mwari ndiBaba Vako Vari Kudenga. Vanokuziva iwe pachako uye Vanokuda kupinda zvaunganzwisisa. Vanoda kuti uve unofara muupenyu huno nemukusingaperi.

Kubudirira pachinangwa ichi, Baba Vokudenga vakapa chirongwa chinonzi **vhangeri*** raJesu Kristu. Jesu Kristu Mwanakomana waMwari; Upenyu Hwake nedzidziso Dzake ndizvo nhungamiro kurunyararo muupenyu huno nerufaro mukusingaperi.

*Baba Vedu Vokudenga
vakaunza zvakare
zvokwadi zvoitsvene —
zvokadzorerwa— zvokuti
unokwanisa kudzidza
nokurarama. Zvokwadi izvi
zvokazarurwa kuvaporofita
kubva pokutanga.*

VHANGERI RINOROPAFADZA MHURI NEVANHU PACHAVO

Vhangeri raJesu Kristu rinoropafadza vose vanoritambira nokurirarama. Imwe yenzvimbo dzakanakisisa yekudzidzisa nokushandisa vhangeri mumhuri. Mwari vakamisa mhuri kuti dziunze rufaro kuvana Vavo, kutibvumidza kudzidza misimbotei kwayo mumamiriro ane rudo, uye kutigadzirira kudzokera kwaVari mushure mokunge tafa. Kunyangwe ukama hwemumhuri hu-chikwanisa kuva hunonetsa pane dzimwe nguva, Baba Vokudenga vanotiropafadza apo tinoedza kutevera dzidziso dzaJesu Kristu. Dzidziso idzo dzinotibatsira kusimbisa mhuri dzedu.

BABA VOKUDENGA VANOZARURA VHANGERI RAVO

Sechikamu chechirongwa Chavo, Mwari vanosarudza vaporofita, sezvakaita Adama, Noa, Abrahama, naMosesi. Vaporofita:

- Vanodzidzisa pamusoro paMwari uye zvapupu zvakakosha zveMwanakomana Wavo, Jesu Kristu.
- Vanotambira **zvokazarurwa**, kana nhungamiro kubva kunaIshe.

*Manzwi ari muzvitsvuku anotsanangurwa pamapeji 18 ne 19.

- Vanodzidzisa vhangeri kunyika uye vanodudzira shoko raMwari.

Vaporofita vanotambira **hupirisita**, kana mvumo yokutaura nokuita zvinhu muzita raMwari kuti vatungamirire vana Vavo. Vanhu vanotevera vaporofita vanotambira maropafadzo akavimbiswa naMwari. Avo vanoramba vhangeri nevaporofita vaMwari vanorasikirwa nemaropafadzo iwayo uye vanozvibvisa kubva panaMwari. Avo vanoramba vaporofita nokusiya tsidziro dzavo kutevera Mwari vari mumamiriro anonzi **kutsauka**.

Zvokwadi zvakazarurwa zvinoraswa apo vanhu pavanoramba vaporofita.

Kunyangwe zvazvo vana Vavo vazhinji vakavaramba Ivo nevaporofita Vavo kakawanda, Baba Vokudenga vanoramba vachida vana Vavo. Vanoda kutipa zvinhu zvose zvatinoda kuti tive tinofara iyezvino uye tidzokere

kwaVari mushure mokunge tafa. Magwaro matsvene anotaridza nzira iyo Mwari yavanoramba nguva nenguva vachinanavira kuvana Vavo, kunyangwe tisingateereri nguva dzose:

- Mwari vanosarudza muporofita.
- Muporofita anodzidzisa vhangeri uye anotungamirira vanhu.
- Mwari vanoropafadza vantu.
- Vanhu padiki nepadiki vanotanga kushaya hanya kana kusa-teerera dzidziso dzepaporofita. Vanopedzisira varamba muporofita nedzidziso dzake uye vovira mukutsauka.
- Nokuda kwekutsauka, vanhu vanorasikirwa neruzivo rwevhangeri. Mvumo yehupirisita inotorwa kubva pakati pavo.
- Kana nguva yava kwayo uye vanhu vagadzirira kuVatevera zvakare, Mwari vanosarudza mumwe muporofita, vodzorera hupirisita neChechi, uye votungamirira muporofita kudzidzisa vhangeri.





JESU KRISTU AKAMISA CHECHI YAKE

Kubva munguva yeKusikwa, vana vaMwari vaitarisira kuuya kweMuponesi Jesu Kristu. Sokuvimbisa kwavakangaVakaita, Baba Vokudenga vakatuma Mwanakomana Wavo, Jesu Kristu, pasi makore anodarika zviuru zviviri akapfuura.

Jesu Kristu akararama upenyu hwakarurama, husina chivi. Akamisa Chechi Yake, akadzidzisa vhangeri Rake, uye akaita zvishamiso zvizhinji. Akasurudza varume gumi nevaviri kuti vave **Vaapositora Vake**, kusanganisira Petro, Jakobo, naJohane. Akavadzidzisa akavapa mvumo yehupirisita yokudzidzisa muzita Rake nokuita **zvisungo zvinoera**, zvakaita se **rubhabhatidzo**.

Apo Jesu paakamisa Chechi Yake, Akatambira rairo kubva kuna Baba Vokudenga. Zvino Akazoraira vadzidzi Vake. Jesu akadzidzisa vateveri Vake kuti zvakazarurwa zvinobva kuna Mwari zvaiva dombo iro raAizovakira Chechi Yake pariri.

Pamagumo eupenyu Hwake, Jesu Kristu akatambura akafira zvivi zvemunhu wese akararama kana achararama pasi. Kuzvipira uku kunodaidzwa kuti **Rudzikinuro**. Kuburukidza nekutambura, rufu, ne**Kumuka Kuvafa Kwake**, Muponesi akaita kuti tikwanise kuregererwa. Avo vane rutendo maAri, vanotendeuka, uye vanochegeta mirairo Yake vanotambira ruregerero rwezvivi uye vanozadzwa nerunyararo nerufaro.

Mushure meKumuka Kuvakafa Kwake, Jesu Kristu akatungamirira Vaapositora Vake kuburikidza nezvazarurwa. Mubhaibheri makanyorwa nzira dzakawanda idzo dzaAkaramba achitungamirira nadzo Chechi Yake (ona Mabasa

*Jesu Kristu akaronga
Chechi Yake.*

- *Akadaidza akagadza Vaapositora.*
- *Akavapa mvumo Yake yokudzidzisa nokubhabhatidza. Mvumo iyi inodaidzwa kuti hupirisita.*
- *Mushure mekufa neKumuka Kuvakafa Kwake, Akaramba achitungamirira Vaapositora kuburikidza nezvazarurwa.*

Manzwi ari muzvitsvuku anotsanangurwa pamapeji 18 ne 19.

Jesu akagadza hupirisita paVaapositora Vake.

Avaapositora 10; Zvakazarurwa 1:1). Nokudaro Chechi yaJesu Kristu yakatungamirirwa naMwari uye kwete nevanhu.

KUTSAUKA KUKURU

Mushure mekufa kwaJesu Kristu, vanhu vakaiipa vakatambudza nokuuraya nenhengo zhinji dzeChechi. Dzimwe nhengo dzeChechi dzakabva pamisimboti yakadzidziswa naJesu Kristu neVaapositora Vake. Vaapositora vakaurayiwa, uye mvumo yehupirisita — kusanganisira makiyi ekutungamira nokutambira

Nerufu rweVaapositora vaJesu Kristu, chokwadi chakarasika zvakare.

zvakazarurwa zveChechi— zvakatorwa kubva panyika. Nokuti Chechi yakanga isisiri kutungamirirwa nemvumo yehupirisita, kukanganisa kwakapinda mudzidziso dzeChechi. Vanhu vakanaka nechokwadi chakawanda

zvakaramba zviripo, asi vhangeri sokumiswa kwarakanga raitwa naJesu Kristu rakarasika. Nguva iyi inonzi Kutsauka Kukururu.

Kutsauka uku kwakagumisira nekutangwa kwemachechi akawanda aiva nedzidziso dzakasiyana siyana. Munguva iyi, varume nevakadzi vakawanda vakatsvaka chokwadi, asi havana kukwanisa kuchiwana. Vanhu vakanaka vakawanda waitenda muna Mwari naJesu Kristu uye vaiedza kunzwisisa nekudzidzisa chokwadi, asi vakanga vasina vhangeri rakazara kana mvumo yehupirisita. Nokudaro, chizvarwa chega chega chakatambira nhaka yemamiriro ekutsauka apo vanhu waitungamirirwa nezvavaitambira kubva kuzvizvarwa zvkapfuura, kusanganisira shanduro kuvhangeri raKristu.

Vamwe vanhu vakafemerwa, sezvakaita Martin Luther naJohn Calvin, vakazviona kuti zviito nedzidziso zvakanga zvashandurwa kana kuti zvarasika. Vakaedza kushandura chechi idzo dzavaipinda. Pasina mvumo yehupirisita, zvisinei, vhangeri raKristu harina kukwanisa kudzoswa muchimiro charo chaicho. **Kudzorerwa** kwaidikanwa.

Mwari vaiziva kuti paizova
nekutsauka. Kuburikidza nemuporofita
weTestamente Yekare, Vakati:

Tarirai, mazuva anouya. . . . andichatuma
nzara panyika, isiri nzara yezvokudya,
kana nyota yemvura, asi yokunzwa
mashoko aJehova:

“Vachadzungaira vachibva kugungwa
vachienda kugungwa, vachibva kumusoro
vachienda mabvazuva, vachamhanya
pose-pose vachitsvaka shoko raJehova,
asi havangariwani.

Amosi 8:11–12



KUDZORERWA KWEVHANGERI

Muna 1820, sokuita kwaVakanga vaita nemunhoroondo yose, Baba Vokudenga zvakare vakasarudza muporofita kuti adzorere vhangeri nehupirisita panyika. Zita remuporofita iyeye raiva Joseph Smith. Semukomana mudiki, Joseph akakangaidzwa nekusiyana pakati pechechi zhinji munharaunda make uye akada kuziva kuti ndeipi chechi yaiva kwayo. Achiziva kuti akanga asina ruzivo, akatevera rairo inowanikwa muBhabheri, “Zvino kana mumwe wenyu achishaiwa kuchenjera ngaakumbire kunaMwari, unongopa vose asingazotuki; uchapiwa hake” (Jakobo 1:5).

Joseph Smith akasarudza kubvunza Mwari zvaaifanira kuita. Apo Joseph paakanamata kuti azive chokwadi, Baba Vokudenga naJesu Kristu vakazviratidza kwaari. Jesu akaudza Joseph kuti asapinda ipi zvayo yechechi idzodzo, nokuti “ose akanga asiri chokwadi” uye “vaiswadera pedyo neni nemiromo yavo, asi ‘mwoyo yavo iri kure neni, vanofundisa sedzidziso mirairo yevanhu, iine mufananidzo wehumwari, asi vanoramba simba racho.” (Joseph Smith—Nhorondo 1:19).

Sezvakangana zvaita Mwari naAdama, Noa, Abrahama, Mosesi, nevamwe vaporofita, Vakadaidza Joseph Smith kuti ave muporofita uyo nemaari vhangeri rakazara rakadzorerwa.

Joseph Smith akaona Baba Vokudenga naJesu Kristu. Nezve chiitiko ichi, akati:

“Ndakaona murazvou wechiyedza uri nechepamusoro pangu chaipo, uchipenya kupfuura kupenya kwezwa, uyo wakadzika zvoishoma nezvoishoma kusvika wave pandiri. . . .

“Chiedza pachakamira pandiri ndakaona Vanhu vaviri, avo kupenya kwavo nekubwinya kwavo kunkunda tsananguro yose, vakamira nechepamusoro pangu mumhepo. Mumwe wavo akataura kwandiri, achindidaidza nezita rangu uye akati, achinongedzera kune mumwe—

Uyu Mwanakomana Wangu Wandinoda. Munzwe!”

**Joseph Smith—Nhorondo
1:16–17**

Kudzorerwa kweHupirisita

Muna 1829, Joseph Smith akatambira mvumo yehupirisita imwecheteyo iyo Jesu Kristu yaakanga apa kuVaapositora Vake. Johane Mubhabhatidzi, uyo akabhabhatidza Jesu, akazviratidza kuna Joseph Smith uye akagadza paari **Hupirisita hwaAroni**, kana hupirisita hwakaderera. Petro, Jakobo, naJohane (vatatu veVaapositora vokutanga vaJesu Kristu) pashure vakazvitaridza kuna Joseph Smith uye vakagadza paari **Hupirisita hwaMerki-zedeki** kana hupirisita hwapamusoro.

Mushure mokutambira mvumo yehupirisita, Joseph Smith akarairwa kuti aronge Chechi yaJesu Kristu zvakare panyika. Kuburukidza nemaari, Jesu Kristu zvakare akadaidza Vaapositora Gumi neVaviri.

Jesu Kristu akatuma Johane Mubhabhatidzi uyezve vatatu veVaapositora Vake kuti vanopa Joseph Smith mvumo yehupirisita.

Sekutungamira kwakaita Jesu Kristu Vaapositora Vake kuburikidza nezvakazarurwa mushure meKumuka Kuvaka Kwake, Anoramba achitungamira Chechi nhasi nemuvaporofita nevaapositora vanorarama. Mutungamiri weChechi yaJesu Kristu yaVatend Vamazuva Ekupedzisira ndiye muporofita akasarudzwa weMwari nhasi. Iye, vatevedzeri vake, neVaapositora Gumi neVaviri vakabata mvumo yehupirisita iyo yakanga yakabatwa navese vaporofita nevaapositora venguva dzakapfuura. Varume ava vaporofita, vaoni, uye vazaruri.

Manzwi ari muzvitsvuku anotsanangurwa pamapeji 18 ne 19.

Petro, Jakobo, naJohane—Vaapositora vaJesu Kristu—vakagadza Hupirisita hwaMerki-zedeki pana Joseph Smith.





BHUKU RAMORMONI

Sechikamu cheKudzorerwa kwevhangeri, Mwari vakaunza pamberi Bhuku raMormoni: Imwe Testamente yaJesu Kristu.

Nesimba raMwari, Joseph Smith akadudzira bhuku iri kubva kuzvinyorwa zvekare kare zvakanga zvakanyorwa pamahwendefa egoridhe. Bhuku raMormoni “magwaro anotaure nezvema-basa aMwari pakati pevanhu vaigara mumaAmerica makare-kare, uye rine kuzara kwevhangeri risingaperi” (Chisumo kuBhuku raMormoni).

Bhuku raMormoni uchapupu hwakasimba zvikuru hwaJesu Kristu. Rinotibatsira kunzwisisa dzidziso Dzake, kusanganisira idzo dziri muBhaibheri.

Bhuku raMormoni umboo hunopwisa hweKudzorerwa kwevhangeri kuburikidza naJoseph Smith. Unokwanisa kuzvizivira pachako kuti Bhuku raMormoni ndere chokwadi. Kuwana ruzivo urwu, unofanira kuriverenga, kufungisisa nezveshoko raro, uye kuva nechido chekuziva kuti ndere chokwadi. Unofanira kukumbira Baba Vokudenga kuti vasimbise kuti ishoko Ravo. Apo paunodaro, Vanozotaridza kwauri kuburikidza neMweya Mutsvene kuti ndere chokwadi.

Apo paunosvika pakuziva kuti Bhuku raMormoni ndere chokwadi, uchasvikawo pakuziva neMweya Mutsvene kuti Joseph Smith aiva muporofita waMwari, kuti vhangeri raJesu Kristu rakadzorerwa kuburikidza naye, uye kuti Chechi yaJesu Kristu yaVatendi Vamazuva Ekupedzisira inotungamirirwa nemuporofita nevaapostora nhasi.

Unokwanisa kuziva kuti zvadzidziswa nevashumiri ichokwadi kana ukaverenga

nokunamata pamusoro peBhuku raMormoni:

“Kana muchinge makumbira nomwoyo wose, nechido chaicho, mune kutenda muna Kristu, achakuburitsirai chokwadi chazvo, nesimba roMweya Mutsvene.

“Uye nesimba roMweya Mutsvene muchaziva chokwadi chezvinhu zvose.”

Moroni 10:4-5

NDINGAZIVA SEI?

Unokwanisa kuziva kuti shoko rino ichokwadi. Kana ukakumbira Baba Vokudenga mumunamato, unokwanisa kutambira

*N*dinonamata Sei?

- *Taura kuna Baba Vokudenga.*
- *Taura manzwiro emwoyo wako (rutendo, mibvunzo, zvikumbiro zvekusimbiswa kwehuchokwadi hwe Bhuku raMormoni uye nehwe izvo zvinenge zvadzidziswa nevashumuri).*
- *Vhara (“Nemuzita ra-Jesu Kristu, ameni”).*

mhinduro kubva kwaVari kuburikidza neMweya Mutsvene. Mweya Mutsvene unodaidzwawo kuti Mweya waMwari, uye rimwe basa Rawo kupupura, kana kupa uchapupu, hwechokwadi.

Ruzivo urwu runokwanisa kuva chishamiso uye runokwanisa kushandura upenyu, asi runowananzouya sevimbiso yakanyarara, isina zviratidzo zvino-shamisa zvesimba raMwari. Mweya Mutsvene unosimbisa chokwadi kuburikidza nemanzwiro, pfungwa, nemaonere. Sokudzidziswa kwazvakaitwa muBhaibheri, “Zvino chibereko choMweya ndirwo rudo, nomufaro, norugare, nomwoyo murefu, nomwoyo munyoro, nokunaka, nokutendeka,

novunyoro, [no]kuzvidzora” Vagaratia 5:22–23). Manzwiro aya kubva kuMweya Mutsvene izvakazarurwa zvemunhu pachake kwauri kuti vhangeri raJesu Kristu sekudzorerwa kwarakaitwa nemuna Joseph Smith ndere chokwadi. Zvino unozofanira kusarudza kana uchararama muruyanano neruzivo urwu rwawatambira



MUDORONGODZWA WEMANZWI

Hupirisita hwaAaroni Hupirisita hwakaderera. Hupirisita uhwu hunosanganisira mvumo yokubhabhatidza uye hwakatumidzwa mushure maAaroni muTestamente Yekare yeBhaibheri.

Kutsauka Apo vanhu pachavo, Chechi, kana rudzi rwose vakasiya kana kufuratira vhangeri raJesu Kristu. Kutsauka kunoguma neku-paradzana, kudzimaidzika, uye kurasikirwa nemvumo yehupirisita, kana tendero yekuita zvinhu muzita raMwari.

Apositora Zita rechinzvimbo Jesu Kristu chaakapa kuvarume gumi nevaviri vaAkasarudza sevafambidzani Vake vapedyo pedyo mu-nguva yehushumiri Hwake panyika uye vaAkapa mvumo yokuita zvinhu muzita Rake. Mumazuva ano, Jesu Kristu akadaidza vamwe varume kuti vashande seVaapostora Vake. Semunguva dzakare, muApositora ichapupu chakakosha chaJesu Kristu uye anemvumo kubva kwaAri.

Rudzikinuro Chiitiko chinotikwanisa kudzokera zvakare kuna Mwari. Kudzikinura kutamburira chirango chechivi, nokudaro kunobvisa mubairo wechivi kubva kuvatadzi vanotendeuka. Jesu Kristu ndiye chete aikwanisa kuita Rudzikinuro rwakarurama rwe-vanhu vose. Rudzikinuro Rwake rwaisanganisira kutamburira zvivi zvedu, kudeurwa kweropa Rake, uye rufu neKumuka Kuvakafa Kwake. Nokuda kweRudzikinuro, munhu wese akararama achamuka kuvaka. Rudzikinuro runotipawo nzira yokuregererwa zvivi zvedu uye kurarama nokusingaperi naMwari.

Rubhabhatidzo Nhanho inokosha mukutambira ruregerero rwezvivi. Kuburikidza nerubhabhatidzo nekusimbiswa nemvumo yehupirisita, tinova nhengo dzeChechi yaJesu Kristu yaVatendi Vamazuva Ekupe-dzisira. Rubhabhatidzo nekunyikwa zvakazara, zvichireva kuti munhu arikubhabhatidzwa anonyudzwa muviri wose kwechinguva chidiki diki mumvura. Rubhabhatidzo runoratidza chido chedu chekutevera muenzaniso waKristu uye kuita zvibvumirano naMwari.

Vhangeri Chirongwa chaBaba Vokudenga chokutibatsira kuva nerunyararo muupenyu huno uye rufaro mukusingaperi. Vhangeri rakamisirwa paRudzikinuro rwaJesu Kristu uye rinoda kuti tive

nerutendo maAri, titendeuke, tibhabhatidzwe, titambire Mweya Mutsvene, uye tishingirire kusvika kumagumo.

Mweya Mutsvene Unodaizwawo kunzi Mweya Mutsvene, Mweya waMwari, uye Munyaradzi. Unopupura, kana kupa uchapupu, hwaBaba Vokudenga naJesu Kristu uye unozarura nokudzidzisa chokwadi.

Hupirisita hwaMerkizedeki Hupirisita hwapamusoro kana hukuru. Hwakatumidzwa mushure maMerkizedeki muTestamente Yakare yeBhaibheri, uyo aiva mupirisita mukuru namambo akarurama.

Zvisungo Chitwa chinoera, chiripamutemo chinoitwa nemvumo yehupirisita. Muenzaniso rubhabhatidzo.

Hupirisita Mvumo nesimba raMwari. Mwari Vanopa simba iri kumurume kuti aite zvinhu muzita Ravo. Hupirisita hwaAroni hwa-kadzorerwa kunaJoseph Smith naJohane Mubhabhatidzi, uyo akabhabhatidza Jesu. Hupirisita hwaMerkizedeki hwakadzorerwa naPetro, Jakobo, naJohane, vatatu veVaapositora Gumi neVaviri vaJesu.

Kudzorerwa Kuita kuti chimwe chinhu chive sezvachanga chiri; kuchimisa zvakare; kuchidzosa patsva. Mushure mekunge chokwadi nemvumo zvaraswa kubva panyika, vhangeri rakadzorerwa kuburikidza neMuporofita Joseph Smith. Kudzorerwa kwakasiyana nekugadzirwazve pakuti ku *gadzirazve* zvinoreva kuchinjina hurongwa kana maitiro zvagara zviripo mukuedza kuzvidzorera kumamiriro azvo akare, apo ku *dzorera* zvinoreva kumisa zvakare kana kuvandudza hurongwa kana maitiro akare mukuzara kwawo kwose.

Kumuka Kuvakafa Mushure mekufa kwepanyama, kubatana zvakare kwemweya nemuviri wenyama nemapfupa wakaruramiswa. Jesu Kristu ndiye akava wokutanga kumutswa kuvakafa.

Zvakazarurwa Kutaurirana pakati paMwari nevana Vavo, kazhinji kuburikidza neMweya Mutsvene. Vanhu pachavo vanokwanisa kutambira zvakazarurwa kutungamirira hupenyu hwavo pachavo, asi chete muporofita waMwari akasarudzwa ndiye anokwanisa kutambira zvakazarurwa zvepanyika pose. Zvakazarurwa zvinouya nenzira dzakawanda, as kazhinji zvinouya sepfungwa, manzwiwo, nemaonere.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Mibvunzo nezvinyorwa zvitsvene zvinotevera zvichakubatsirai kudzidza zvimwe zvakawanda pamusoro pemisimbotti iri mukabhuku kano nokufungisisa nezvayo. Mudorongodzwa wacho hausi wakazara; zvinyorwa zvinotsanangura zvepazasi nemajerero zviri mumagwaro matsvene zvichakutungamirirai kunedzimwe ndima nemamwe mabhuku.

Zvinorevei kwauri kuti Mwari ndiye Baba venyu Vokudenga?

Maraki 2:10 (Bhaibheri, Testamente Yekare)

VaHeberu 12:9–10 (Bhaibheri, Testamente Itsva)

Basa remuporofita nderei? Sei zvakakosha kuziva kuti Mwari vanotaura kuvaporofita?

Amosi 3:7 (Bhaibheri, Testamente Yekare)

Jakobo 4:4–6 (Bhuku raMormoni, peji 154)

Zvinorevei kuva nemvumo yehupirisita? Munhu anotambira mvumo iyi sei?

Mateo 10:1 (Bhaibheri, Testamente Itsva)

Johane 15:16 (Bhaibheri, Testamente Itsva)

Chii chinoitika kana mvumo iyoyo ikaraswa?

Amosi 8:11–12 (Bhaibheri, Testamente Yakare)

1 Nifai 13:24–29 (Bhuku raMormoni, mapeji 31)

Vaapositora vaJesu vaiziva here kuti kutsauka kwaizoitika?

Mabasa aVaapostora 20:28–31 (Bhaibheri, Testamente Itsva)

2 Tesaronika 2:2–3 (Bhaibheri, Testamente Itsva)

2 Timotio 4:3–4 (Bhaibheri, Testamente Itsva)

Zvinorevei kwauri kuti vhangeri raJesu Kristu rakadzorerwa kuburikidza naJoseph Smith?

Uchapupu hweMuporofita Joseph Smith (kabhuku)

Bhuku raMormoni chii? Sei riri uchapupu hwedaidzo yaJoseph Smith semuporofita?

Bhuku raMormoni peji yemusoro wenyaya

Bhuku raMormoni chisumo

Basa reMweya Mutsvene nderei?

Aruma 5:45–47 (Bhuku raMormoni, peji 221)

Moroni 10:3–5 (Bhuku raMormoni, peji 665–666)

NAMATA NESU

HUYA UZOONA KUTI VHANGERI
RAKADZORERWA RINOKWANISA
KUROPAFADZA UPENYU HWAKO SEI?



Musangano wesakaramende ndiwo musangano mukuru weku-namata. Kazhinji unotora nguva inopfuura awa zvishomanana uye nguva zhinji unosanganisira zvinotevera:

Nziyo: Dzinoimbwa negungano. (Mabhuku enziyo anopiwa.)

Minanamato: Inopiwa nenhengo dzeChechi dzemunzvimbo.

Sakaramende: Chingwa nemvura zvinoropafadzwa nokupiwa kugungano mukurangerira Rudzikinuro rwaJesu Kristu.

Vatauri: Kazhinji nhengo imwechete kana mbiri dzegungano dzine-nge dzakasanosarudzwa nechakare dzinotaura pamisoro yevhangeri.

Zvipfeko: Varume nevakomana kazhinji vanopfeka masutu kana mitirauzi yakanaka neshati netayi. Madzimai nevasikana vano-pfeka madhirezi kana masiketi.

Zvipo hazvikumbirwi panguva yemisangano yekunamata.

Tinokukokawo kuti upinde mimwe misangano, maererano nezvido zvako nezera rako. Hurongwa nekuvapo kwemisangano iyi kungangosiyana siyana.

Chikoro cheSvondo: Makirasi ekudzidza magwaro matsvene nedzidziso dzevhangeri.

Misangano yeHupirisita: Makirasi evarume nevakomana vanemakore gumi nemaviri kana kupfuura.

Chita cheRubatsiro Makirasi emadzimai ane makore gumi nemasere kana kupfuura.

Vasikana Vechidiki: Makirasi evasikana vanemakore gumi namaviri kusvika kugumi nemasere.

Puraimari: Musangano weboka nemakirasi evana vanemakore matatu kusvika kugumi nerimwe. Nesari yevana vanegore nemwedzi misere kusvika kumakore matatu kazhinji inenge iripo.



Nguva yemusangano wesakaramende: _____

Adhiresi yechechi: _____

Chii Chandinofanira Kuita?



- Verenga Bhuku raMormoni

Zviverengo Zvakapiwa: _____

- Namata kuti uzive kuti Joseph Smith aiva muporofita uye kuti Bhuku raMormoni ishoko raMwari.
- Enda kuchechi.
- Sarudza kana uchazotevera Muponesi nokubhabhatidzwa. Dheti rerubhabhatidzo:

- Enda ku www.mormon.org kuti udzidze zvimwe zvakanwanda pamusoro pevhangeri rakadzorerwa raJesu Kristu.
- Ramba uchisangana nevashumuri kuti udzidze zvimwe zvakanwanda pamusoro pezvokwadi zvakanzorerwa naMwari kuburikidza nevaporofita vemazuva-ano.

Dheti nenguva yokusangana kunotevera: _____

Mazita nenhamba dzerunhare dzevashumiri:

CHECHI
YAJESU KRISTU
YAVATENDI
VAMAZUVA EKUPEDZISIRA

www.mormon.org

Vanhu vakaita Mifananidzo

Kavha yekumberi kwekabhuku: *Hwai yaKaraska*, na Del Parson. © Del Parson. Musakopa
Peji 5: Mufananidzo wakabva panewa *Muporofita Isaya Anoporofita Kuzvarwa kwaKristu*, na Harry Anderson
Peji 6: Mufananidzo wakabva panewa *Kristu Achigadza VaApositora*, na Harry Anderson
Page 13: Mufananidzo wakabva panewa *Kudzorerwa kweHupirista hwaMerikizedheki*, na Kenneth Riley
Peji 14: Mufananidzo wakabva panewa *Jesu Kristu Anoshanjira Americas*, na John Scott

SHONA



4 02011 96731 8

01196 731